

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Kecap budaya téh asalna ti basa Sansekerta *buddhayah*, nu mangrupa wangun jamak tina *buddhi* (budi atawa akal), dihartikeun salaku hal-hal nu aya pakaitna jeung budi jeung akal manusa, sagala daya jeung kagiatan manusa dina ngolah jeung ngarobah alam. Dina basa Inggris, kabudayaan disebut *culture*, nu asalna tina basa Latin *colere*, nya éta ngolah atawa migawé. Bisa dihartikeun ogé jadi ngolah taneuh atawa tatanén. Kecap *culture* gé sakapeung mah sok dihartikeun jadi “kultur” dina basa Indonesia.

Ngeunaan wangenan tina kabudayaan teu saeutik para ahli nu ngébréhkeun pamadeganna. E.B Taylor (1871) nétélakeun yén “kebudayaan adalah seluruh kompleks, yang di dalamnya terkandung ilmu pengetahuan yang lain, serta kebiasaan yang didapat manusia sebagai anggota masyarakat”. Sedengkeun Melville J. Herskovits, saurang ahli antropologi Amerika ngébréhkeun yén kabudayaan téh *Man made part of the environment* (bagian tina lingkungan jieunan manusa) (Widaghdo, dkk. 2010:19). Herskovits gé nétélakeun yén kabudayaan téh hiji hal nu turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi séjén, nu satuluyna disebut *superorganic* (<http://id.wikipedia.org/wiki/Budaya>). Aya ogé ébréhan wangenan tina kabudayaan ti para ahli Indonesia. Nurutkeun Sultan Takdir Alisyahbana kabudayaan téh *manifestasi* tina cara mikir. Satuluyna Dr. Moh Hatta nétélakeun yén kabudayaan téh ciptaan hirup tina hiji bangsa (Widaghdo, dkk, 2010:19).

Sedengkeun nurutkeun Andreas Eppink, kabudayaan téh ngandung sakabéh harti tina ajén sosial, norma sosial, élmu pangaweruh jeung sakabéh faktor struktur-struktur sosial, religius, jrrd. Ogé sagala ébréhan intéléktual jeung artistik nu jadi cicirén ti hiji masarakat (<http://id.wikipedia.org/wiki/Budaya>).

Cindekna, kabudayaan nya éta sagala hasil jieunan (cipta) nu miboga ajén jeung ajén éstética (rasa) nu didasaran ku kahayang (karsa) manusa éta sorangan dina nyiptakeun hiji hal (kabudayaan).

Puji Dwi Lestari, 2013

Simbol Jeung Ma'na Dina Runtuyan Acara Sabada Nikah (Bantayan) Adat Sunda Di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Folklor mangrupa sawatara kabudayaan koléktif nu sumebar jeung diwariskeun secara turun-tumurun, secara tradisional dina wanda nu béda-béda boh dina wangun lisan boh conto nu dilengkepan ku gerak isarat atawa alat pikeun mantuan ngingetkeun. Nurutkeun Clark Wissler (1923:265), kabudayaan miboga unsur-unsur nu disebut *culture universal*. Satulunya Koentjaraningrat (1965:78-80) ngébréhkeun yén unsur-unsur universal (*culture universal*) ngawengku sistem pakasaban (ekonomi), sistem teknologi, organisasi kamasarakatan, basa, kasenian, sistem pangaweruh, jeung sistem religi (sistem kapercayaan).

Ipan dina Astuti (2008: 2) ngébréhkeun yén tradisi masarakat ti jaman bihari nepi ka kiwari anu salila ieu masih kapangaruhan ku animisme jeung dinamisme. Katitén tina acara upacara salametan, sunatan, kawinan, jeung sajabana. Ieu tradisi masih dilakonan jeung dimumulé ku masarakat Sunda. Hal ieu saluyu jeung kamekaran peradaban Indonesia, yén saméméh sumebarna agama-agama nu ayeuna diaku ku nagara Indonesia (Islam, Katolik, Protestan, Hindu, jeung Budha), masarakat Sunda masih kénéh ngagem kapercayaan-kapercayaan saperti animisme jeung dinamisme.

Kabiasaan-kabiasaan anu masih kénéh kapangaruhan ku kapercayaan-kapercayaan baheula nu masih kénéh dipaké kiwari masih kénéh dipilampah dina upacara tradisional. Upacara tradisional biasana kapangaruhan ku kapercayaan-kapercayaan animisme jeung dinamisme. Ieu hal katitén tina sistem kapercayaan ka roh-roh, jeung ritual ibadah anu teu saluyu jeung sabagian agama, contona méré sasajén.

Simbol asalna tina basa Yunani nya éta *symbolos*, anu hartina tanda, ciri pikeun nepikeun hiji hal ka jalma séjén. Dina *Kamus Umum Bahasa Indonesia* (2008), simbol atawa lambang hartina sabangsa tanda, lukisan, omongan jeung sajabana, nu ngébréhkeun hiji hal, nu miboga maksud nu tangtu.

Sedengkeun nurutkeun Roland Barthes, simbol mangrupa unsur nu pangleutikna tina unsur budaya, lantaran kabudayaan diwangun tina ide-ide, simbol-simbol, jeung ajén-inajén minangka hasil karya jeung paripolah manusia (<http://id.wikipedia.org//wiki/Simbol>).

Simbol ogé sok disebut lambang nu dipaké pikeun nunjuk hiji hal séjénna dumasar kasapukan sakelompok jalma atawa masarakat. Lambang ngawengku kekecapan (pesan verbal), prilaku nonverbal, jeung objek nu ma'nana disapukan ku kabéhan. Simbol atawa lambang gé mangrupa salahiji kategori tanda (*sign*). Nurutkeun Peirce, yén tanda (*sign*) téh ngawengku ikon (*icon*), indeks (*index*), jeung simbol (*symbol*) (Sobur, 2009: 157).

Dina kahirupan masarakat Sunda réa digunakeun kecap-kecap husus nu patali jeung hiji widang, di antarana baé di widang budaya. Contona budaya acara sabada akad nikah atawa disebut ogé bantayan. Runtulan acara sabada nikah ngawengku acara nyawér (sawér pangantén), ngaleupaskeun japati, nincak endog, meuleum harupat, buka pintu, jeung huap lingkung. Tangtuna waé dina éta tahapan téh miboga simbol jeung ma'na.

Runtulan acara sabada nikah, sakapeung sok disebut ogé ku istilah bantayan. Runtulan acarana di unggal wewengkon sok bédha runtulan atawa istilahna. Saperti geus disebutkeun, ilaharna aya sababaraha tahapan atawa acara dina runtulan acara pasca nikah, di antarana:

1. nyawér;
2. nincak endog;
3. meuleum jeung meunggaskeun harupat;
4. buka pintu; jeung
5. huap lingkung.

Tapi nurutkeun Muchtar (1987: 143) bantayan téh ngan ngawengku acara nincak endog, sibanyo, nincak élékan, meuleum harupat, jeung ngaléngkahan pakara. Jadi teu anéh lamun anu runtulan acara nu bédha atawa istilah nu teu sarua.

Tradisi nikah, hususna runtulan acara bantayan leubeut pisan ku ajén-inajén, simbol-simbol anu kudu disurahan ku masarakat Sunda. Tradisi acara pasca nikah (aya ogé nu nyebut bantayan) adat Sunda di Kacamatan Jonggol, kabupaten Bogor kiwari geus loba ngalaman parobahan. Runtulan acara jaman baheula mah leuwih loba tibatan kiwari, ku alesan “*kepraktisan*” jeung kawatesanna waragad, loba acara nu geus jarang dilaksanakeun dina prakna bantayan.

Kecamatan Jonggol pernahna di Kabupatén Bogor. Tapi sacara geografis, Kacamatan Jonggol deukeut ka daerah Cibubur (Jakarta) jeung Bekasi. Katambah loba *pendatang* ti mana-mana, aya nu ti daerah Sumatera Barat, Sumatera Utara, Priangan, jsb. Ngabalukarkeun pacampurna basa jeung budaya nu aya. Di Jonggol masarakat pribumina geus teu loba nu maké basa Sunda, lamun aya gé basa Sunda nu dipakéna téh kasar. Biasana nu masih make undak usuk basa téh *pendatang* ti daerah Priangan. Di Jonggol gé kapangaruhan ku budaya jeung basa Cina sabab loba masarakat *keturunan* Tionghoa nu cicing di kecamatan Jonggol. Contona wé kecap gocéng, gopé, ceban, jeung gocap geus ilahar dipaké dina paguneman sapopoé. Nyeungeut petasan ogé geus dianggap budaya di Jonggol. Lamun aya hajatan saperti nyunatan atawa nikahan, sok nyeungeut petasan salaku tanda yén di dinya aya nu hajat.

Panalungtikan ngeunaan simbol gé geus aya nya éta Asep Johan Kolamajaya, *Ajén Falsafah dina Simbol-Simbol Upacara Ruatan Bumi di Desa Parakan Garokgék Kecamatan Kiarapedes Kabupaten Purwakarta* (2007) jeung Firman Herdiana Kusumah, *Simbol-Simbol dina Kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA* (2012). Malah pedaran ngeunaan simbol jeung ma'na dina acara nikah gé kungsi aya nu nalungtik nya éta Yulia Astuti, *Simbol jeung Ma'na nu Nyampak dina Tradisi Nikah di Desa Cigugur Girang Kacamatan Parongpong Kabupaten Bandung* (2008). Bédana jeung ieu panalungtikan, nya éta dina panalungtikan saméméhna mah ngawengku sakabéh tradisi nikah, ti mimiti ngalamar nepi huap lingkung. Sedengkeun ieu panalungtikan ngan nalungtik runtuyan acara pasca nikah wungkul. Bébédana ogé dina wengkuan wilayahna. Panalungtikan saméméhna mah dilaksanakeun di daerah Priangan (Kabupaten Bandung), sedengkeun ieu panalungtikan mah di daerah Kabupaten Bogor, anu sacara geografis deukeut jeung Jakarta ogé Bekasi.

Teu saeutik warga masarakat, hususna barudak sakola jaman ayeuna anu teu weruh kana simbol jeng ma'na nu nyampak dina tradisi nikah, hususna bantayan nikah adat Sunda. Lamun dilenyepan mah loba pisan ajén-inajén nu nyangkaruk dina tahapan nu aya dina bantayan nikah adat Sunda anu hayang ditepikeun.

Puji Dwi Lestari, 2013

Simbol Jeung Ma'na Dina Runtuyan Acara Sabada Nikah (Bantayan) Adat Sunda Di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Simbol jeung ma'na nu nyampak téh kudu dipaluruh. Patali jeung kaayaan Kacamatan Jonggol nu sacara géografis deukeut jeung wilayah séjén kawas Jakarta jeung Bekasi, ogé masarakatna nu loba *pendatang* jeung masarakat *keturunan*, dilaksanakeun panalungtikan anu judulna “Simbol jeung Ma’na dina Runtulan Acara Sabada Nikah (Bantayan) Adat Sunda di Kacamatan Jonggol, Kabupaten Bogor”.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Runtulan acara nikah adat Sunda téh ngawengku pranikah, akad nikah (ijab kabul), jeung sabada nikah (bantayan). Sangkan ieu panalungtikan leuwih museur kana tujuan nu dihontal, diwatesanan masalah nu dipedar nya éta prak-prakan tradisi runtulan acara sabada nikah adat Sunda, ti mimiti nyawér nepi ka huap lingkung. Jeung simbol jeung ma'na nu nyampak dina acara sabada nikah adat Sunda di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor nu ngawengku acara nyawér, nincak endog, meuleum jeung meunggaskeun harupat, meupeuskeun kendi, buka pintu, jeung huap lingkung.

1.2.2. Rumusan Masalah

Saluyu jeung kasang tukang nu geus dipedar, sangkan masalah nu rék dipedar leuwih museur, satulunya dijéntrékeun rumusan masalah nu ditalungtik.

1. Kumaha prak-prakan tradisi runtulan acara sabada nikah (bantayan) adat Sunda ti mimiti nyawér nepi ka huap lingkung di Kacamatan Jonggol, Kabupaten Bogor?
2. Naon waé simbol jeung ma'na nu nyampak dina bantayan nikah adat Sunda di Kacamatan Jonggol, Kabupatén Bogor?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang katut watesan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun:

- a. Miara tradisi nikah adat Sunda sangkan angger aya;
- b. Ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan runtulan acara sabada nikah; jeung
- c. Ngungkab budaya tradisional dina acara sabada nikah (bantayan) adat Sunda.

1.3.2. Tujuan Khusus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta:

- a. Ngadéskripsiéun istilah dina runtulan acara sabada nikah adat Sunda; jeung
- b. Ngadéskripsiéun simbol jeung ma'na nu nyampak dina runtulan acara sabada nikah (bantayan) adat Sunda di Kacamatan Jonggol, Kabupaten Bogor.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1. Mangpaat Teoritis

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamotivasi panalungtik séjen pikeun nalungtik anu leuwih jero ngeunaan runtulan acara sabada nikah (bantayan) adat Sunda sagemblengna atawa upacara adat ti wewengkon séjen. Salian ti éta, istilah-istilah jeung simbol sarta ma'na nu nyampak dina runtulan acara sabada nikah adat Sunda anu meunang dikumpulkeun bisa dijadikeun tatapanan sajarah pikeun anak-incu urang engkéna.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun pangaweruh masarakat umum, hususna masarakat Sunda ngeunaan budaya, salahajina upacara adat nikah Sunda nepi, sangkan leuwih apal kana budaya Sunda.

Simbol jeung ma'na nu nyampak dina runtulan acara sabada nikah (bantayan) adat Sunda nu kapanggih dina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngaronjatkeun kualitas kahirupan.

1.5. Raraga Nulis

Raraga tulis kabagi jadi lima bab, nya éta:

Bab I (Bubuka) anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulis.

Ari Bab II eusina medar tatapakan tiori dina ieu panalungtikan nu ngawengku kabudayaan, wangenan kabudayaan, unsur budaya, wujud budaya, kapercayaan, nikah, sistem nikah, prosesi nikah, runtulan acara pasca nikah, symbol jeung ma'na, semiotik, wangenan semiotik, sarta konsep semiotik dumasar téori Charles Sanders Peirce.

Sedengkeun Bab III mah ngawengku sumber data, metode panalungtikan, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, jeung teknik panalungtikan.

Bab IV mangrupa ébréhan hasil panalungtikan nu ngawengku gambaran umum lokasi panalungtikan, jeung déskripsi prak-prakan runtulan acara pasca nikah adat Sunda di Kacamatan Jonggol Kabupaten Bogor sarta simbol jeung ma'na nu nyampak dina runtulan acara pasca nikah.

Sedengkeun bab V ngawengku kacindekan hasil panalungtikan jeung saran keur panalungtikan satuluyna.